

Depatman sante piblik
Biwo Sèvis sou Depandans Sibstans yo
250 Washington St
Boston, MA 02108

"Yon Nouvo Jou pou OTP"

Chè Pasyan OTP yo,

Biwo Sèvis sou Depandans Sibstans yo nan Depatman Sante Piblik Massachusetts (BSAS) vle enfòme w sou **NOUVO** règ federal pou pwogram tretman opioid (OTP) ki ka chanje epi amelyore eksperyans ou antanke pasyan nan yon OTP. Règ sa yo pral ede OTP responsabilize w kòm yon pasyan epi konsantre sou pwòp bezwen tretman ou pandan w ap pran desizyon sou tretman ou ansanm ak anplwaye OTP la. BSAS ap fè patenarya ak OTP ou a pou sipòte w pandan w ap patisipe nan tretman ki sove lavi sa a. Men kèk pwèn kle sou kèk nan chanjman yo:

Pou pote-Lakay	<p>Kounye a OTP yo gen dwa bay pasyan yo yon pi gwo kantite medikaman pou pran lakay yo, epi ou ka anmezi resevwa yo pi bonè nan tretman w la. Tout desizyon pran lakay ou toujou responsablite ekip tretman OTP la, ki te dirije ak lidèchip medikal OTP a.</p> <p>Doktè a ak ekip la pral egzamine anpil bagay avan w yo deside sou medikaman wap pran lakay, tankou itilizasyon sibstans aktif ou, prezans nan OTP, si ou ka konsève medikaman yo san danje, ak lòt faktè yo detèmine ki enpòtan.</p> <p>Men NOUVO dòz pou pran lakay ou:</p> <ul style="list-style-type: none">• Jiska 7 dòz pou pran lakay ou si ou te nan tretman 0 jiska 14 jou.• Jiska 14 dòz pou pran lakay ou si ou te nan tretman ant 15 jiska 30 jou.• Jiska 28 dòz pou pran lakay ou si ou te nan tretman pou 31 jou oswa plis. <p>BSAS ankouraje w pou w rankontre ak anplwaye OTP w yo lè w admisyon yo epi chak mwa pou w konnen si w elijib pou pran yo lakay oswa si w gen yon ogmantasyon nan sa wap pran lakay yo. Ou pral aprann tou sou sa ou bezwen fè pou jwenn yo.</p>
Telesante	<p>Ou gendwa kapab ale nan yon pati nan pwosesis admisyon an itilize telesante si OTP ou deside opsyon sa a bon pou ou. Anplis de sa, ou ka anmezi pou resevwa konsèy atravè telesante olye w oblije ale nan OTP a.</p>
Konsèy	<p>OTP yo oblije travay avèk ou pou kreye pwòp Plan Tretman ou, epi dapre plan sa a, yo ka ofri w konsèy sou pwoblèm ki gen rapò ak itilizasyon sibstans yo. Yon nouvo chanjman an ou pa oblije patisipe nan konsèy pou jwenn aksè nan medikaman w oswa pou w rete nan tretman an. OTP yo toujou oblije ofri ak bay konsèy, e anpil pasyan ka benefisye konsèy nan kèk pwèn. Nou ankouraje w pou pale ak ekip OTP la sou sa yo rekòmande pou ou a.</p>

Eskane pou w aprann plis sou fason chanjman sa yo afekte w:

